*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры læппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№55 (26268)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 28 мартъи – тæргæйтты мæйы 28 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД *Инвалидтыл уæлд*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Гимнастикæ*

**Равдыст**

## Туризмы къабазы райрæзтæн

**Цæгатирыстойнаг компаниты къорд «Бæгæныфыцæн хæдзар «Бавари» архайдта Мæскуыйы ацæуæг Туризм æмæ уазæгуарзондзинады индустрийы æртын фыццæгæм дунеон равдысты.**

**Æртæ бонмæ равдыстмæ æрбацыд 16,5 мин адæймаджы бæрц. Фембæлды архайæг уæрæсейаг регионтæ равдыстой бæстæйы туристон гæнæнтæ. Республикæйы стендыл хи туристон гæнæнтæ равдисæг «Бавари» нымад уыд доны фæдыл равдысты сæйраг спонсорыл.**

**– Нæ компани туризмы къабазы райрæзтæн ахъаз кæнын æрæджы райдыдта, Ацы равдысты та фыццаг хатт архайдтам. Белоруссийы æмæ цалдæр уæрæсейаг регионы туристон бизнесы минæвæрттимæ ныхас кодтам. Не 'ппæт туристон авналæнтæ (заводыл экскурсийæ райдай æмæ хохмæ балцæй фæуы) равдыстам. Туристон оператортæ сæ программæтæм кæй бахастой, ныридæгæн нæ уыцы объекттæ бабæрæг кæныны фæдыл фыццаг курдиæттæ райстам. Равдысты фæрцы адæмы базонгæ кодтам «Бавари»-имæ, стæй нæм куыстадæй фæстæмæ алыхуызон туристон объекттæ кæй ис, уый фехъусын кодтам. Бæстæйы регионтимæ нын фæзынæг бастдзинæдтæ цæмæй парахатдæр кæной, ууыл архайдзыстæм, – зæгъы «Бавари»-йы туризмы къабазы разамонæг Хъайтмазты Алан.**

**(«15 регион»)**




**Фысджыты цæдисы**

## Бæстон æмæ æхсызгон ныхас

**Нæ республикæйы Фысджыты цæдисы уыд йæ правленийы уæнгты радон æмбырд. Ныхас дзы цыд Уæрæсейы Федерацийы Фысджыты цæдисы съезды сбæлвырдгонд фарстатæ æмæ сæ æххæст кæныны нысантыл. Уый фæдыл правленийы æмбырды бæстон радзырдта нæ бæстæйы ацы сфæлдыстадон организацийы регионалон организацийы сæрдар, филологон наукæты кандидат ХОЗИТЫ Барис. Уый загъта, зæгъгæ, Уæрæсейы Федерацийы Фысджыты цæдисы съезды æвзæрст æрцыд ацы сфæлдыстадон организацийы ног сæрдар, зындгонд паддзахадон æмæ политикон архайæг, публицист, историк Владимир МЕДИНСКИЙ.**



Съезды цы фарстатыл цыд ныхас, уыдоны сæйрагдæртæ уыдысты Фысджыты цæдисы куыст фæахадгæдæр æмæ йын йæ кад, паддзахад, æхсæнад æмæ адæмы цæсты бæрзонд кæныны нысантимæ. Уæрæсейы Фысджыты цæдисы сæрдар, куыд профессионалон хæстæ æххæстгæнæг, афтæ сæрдар нал хуыйндзæнис, фæлæ советон дуджы рæстæджы куыд уыд, афтæ – Уæрæсейы Фысджыты цæдисы фыццаг нымæрдар. Йæ хæдивæджы ном дæр ивд æрцыд бæрнон нымæрдары номæй. Ацы бынат, куыд Владимир Мединскийы хæдивæг, съезды уынаффæйæ, бацахста нæ бæстæйы Фысджыты цæдисы раздæры сæрдар, булкъон, зындгонд фыссæг, публицист, æхсæнадон архайæг **Николай Иванов.**

Съезды ма ныхас цыд нæ бæстæйы центрон æмæ регионалон литературон журналтæ, советон дуджы куыд уыд, афтæ, нæ бæстæйы Фысджыты цæдис æмæ йæ регионалон хайæдты разамонджыты бар бакæнынил. Æмæ ацы сфæлдыстадон артдзæсты разамынд, правленийы уæнгты журналтæн сæйраг редактортæ æвзарыны æмæ сæ уыцы бынатмæ нысан кæныны хæстæ сæ бæрны бакæнынил.

Хозиты Барис ма æмбырды фехъусын кодта, ацы аз Стъараполы крайы арæзт кæй æрцæуддзысты ирон литературæйы бонтæ. Афтæ ма бæлвырд ныхас цыд дыккаг литературон дунеон фестиваль «Ирон фæндыр» нæ республикæйы кад æмæ радимæ саразыныл. Ныридæгæн ууыл куыст цæуы. Уымæй уæлдай, правленийы сæрдар æмæ уæнгтæ æрдзырдтой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы 80 азы кадæн Дзæуджыхъæу æмæ нæ республикæйы районты сфæлдыстадон, номарæн изæртæ æмæ фембæлдтытæ саразыныл. Ирон литературæйы классиктæ æмæ нырыккон фысджыты æмæ поэттæй ацы азы юбилятæй æгас чи нал у, уыдоны нæмттæ аккаг хуызы æрымысын æмæ ныртæккæ национ литературæйы зиуууæтты бабуц кæныныл.

Ныхас ма цыд ацы аз нæ республикæйы Фысджыты цæдисы сараæзтыл декабры 100 азы сæххæсты юбилей æмбæлгæ æмвæзадыл сбæрæг кæнын æмæ йæ истори æмæ абоны архайдыл чиныг рауадзыныл.

Ивгъуыд æнусы 60 азты нæ республикæйы Фысджыты цæдис цы æрвылазон альманах уагъта «Поэзийы бон», уый тыххæй Хозиты Барис загъта, зæгъгæ, йæ рæстæджы уый хорз хъуыды кæй уыд æмæ ныр дæр йæ уадзынæн хъæуы хъæугæ фадæттæ саразын.

Нæ республикæйы Фысджыты цæдисы сæрдар ма правленийы уæнгты æмбырды фехъусын кодта зындгонд поэт, тæлмацгæнæг, Уæрæсейы Федерацийы Фысджыты цæдисы уæнг **Баситы Зæлинæйæн** лæвæрд кæй æрцыд РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæджы кадджын ном. Æмæ йын ратта ацы паддзахадон хорзæхы æвдисæндар.

**ГАСАНТЫ Валери**

**27 мартъи – Театры дунеон бон**

## Фестивалы фыццаг дзындз (жемчужина)

**Нæ республикæ рагæй дæр театралон республикæйыл нымад у, æрмæст паддзахадон театртæ нæм ис æхсæз. Хихъæппæрисадон театртæ цы хъæуты нæй, ахæмтæ стæм сты, фылдæргæнгæ цæуы адæмон театрты нымæц. Уыдонæй сæ алкæцы дæр у ирон культурæйы фæрдыг.**

**Бæрæгбоны агъоммæ Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театр бабæрæг кодтой студенттæ, ЦИПУ-йы ректор æмæ ахуыргæнджытæ. Уыцы бон дзы сæрмагондæй цыд фестиваль «Вахтангов. Путь домой»-ы фыццаг фестивалы дзындз, Кокайты Тотрадзы пьесæ «Гæздæнтæ»-мæ гæсгæ 'вæрд спектакль. Студенттæ йæ федтой Пушкины картæйы билеттæм гæсгæ.**

***Нæ уацхæссæг***



**Парламентæй**

ТУСКЪАТЫ Таймураз:

## «Æнцонæй къухы ницы 'фты»

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты æртын æстæм æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Æмбырды архайдтой республикæйы Хицауады уæнгтæ, барадон æмæ тæрхонадон оргæнты разамонджытæ, бынæттон хиуынаффæйады администрацитæ æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ.

Депутаттæ фыццаг бакасты равзæрстой «Организациты исбонадыл хъалон æвæрыны тыххæй» республикæйы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» закъоны проект. Уый фæдыл раныхас кодта республикæйы промышленность æмæ инвестициты министр **Атараты Олег**. Документы ныхас цæуы Дзæуджыхъæуы вагæттæ цалцæггæнæн завод бахъахъхъæнын æмæ йын уыцы нысанимæ æххуысы мадзæлттæ аразыныл, бæлвырддæрæй та, электрон тыхæн цы тарифмæ гæсгæ фидынц, уый сын хæстæгдæр æртæ азмæ фæкъаддæр кæныныл. Завод йæ куыст дарддæр куы кæна, уæд республикæйы бюджетмæ афæдзмæ хæсдзæн 12-13 милуан сомы хъалон. Заводæн йæ куыст цæмæй ма фæкъуылымпы уа, ууыл архайы, куыстуат кæй дæлбар ис, «Уæрæсейы æфсæнвæндаджы»-йы уыцы компани дæр. Афтæ, фæстаг æртæ азмæ сын финансон æххуысы хуызы радих кодта 250 милуан сомы.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты бюджет, хъалонтæ, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдары хæдивæг **Тауитты Алыксандр**. Фарст уыд депутат **Тетцойты Георгимæ.**

Тускъаты Таймураз куыд бафиппайдта, афтæмæй Дзæуджыхъæуы вагæттæ цалцæггæнæн завод у нæ республикæйы стырдæр куыстуæттæй иу æмæ æнгом баст у Ирыстоны историимæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты уый уагъта санитарон вагæттæ, хæдтæхджытæ цалцæггæнæн вагæттæ æмæ æндæртæ. Уымæ гæсгæ йæ бахъахъхъæнын Ирыстоны кадджын истори бахъахъхъæнынæй уæлдай нæу. «Ныртæккæ та ахсджиаг у заводы дарддæры райрæзт æмæ йæ экономикон хъомысдзинады стратегийыл бакусын», – загъта Парламенты Сæрдар.

Фарстайы фæдыл депутаттæ сфидар кодтой закъоны проект.

Депутаттæ дыккаг бакасты равзæрстой цалдæр закъоны проекты æмæ сæ фæдыл сфидар кодтой закъонтæ. Уыдон баст уыдысты 2025 азы æмæ 2026-2027 азты пъланон рæстæгмæ республикон бюджетмæ ивддзинæдтæ бахæссынимæ, бынæттон хиуынаффæйады уагæвæрдтæ банывыл кæнынимæ, экологи æмæ æндæр фарстатимæ. Уыдоны фæдыл ныхас кодтой Парламенты профилон комитетты сæрдартæ **Черчесты Аслан, Реуазты Ларисæ, Джиоты Георги, Качараты Олег, Остъаты Георги.**

Депутаттæ байхъуыстой ивгъуыд азы республикæйы Мидхъуыддæгты министрады архайды тыххæй министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Алексей Кежватовы** дзуаппон раныхасмæ. Куыд загъта, афтæмæй, Цæгат Ирыстоны оперативон уавæр нывыл цæмæй уа æмæ дзы адæм кæрæдзи æмбаргæйæ цæрой, уый тыххæй министрад æмархайд кæны республикæйы хицаудзинады æххæстгæнæг æппæт оргæнтимæ. Афтæ, ивгъуыд азы дæргъы республикæйы цыдæриддæр дзыллон мадзæлттæ уыд, уыдон се 'ппæт дæр ацыдысты æмбæлгæ уавæрты æмæ æнæ фыдбылызæй. Æргом здæхт цыд экстремистон æмæ террористон фыдракæндтæ не 'руадзын æмæ алы динты æмæ адæмыхæттыты минæвæртты 'хсæн нывыл ахастдзинæдтæ бахъахъхъæныныл.

Фæлæ сæ куыст æнаипп кæй нæу, ууыл министр сразы æмæ загъта, уыцы аиппытæ аиуварс кæныныл кæй архайынц, уый. «Ивгъуыд аз фæфылдæр фыдракæндты нымæц, уыимæ, адæймаджы æнæнииздзинадæн уæззау зиантæ æрхæссыны фыдракæндты нымæц дæр», – загъта раныхасгæнæг æмæ бæстон æрдзырдта, хæцæнгарзы, стæй наркотикты æнæзакъон зилдухимæ, машинæтæ давынимæ æмæ барад халæн æндæр цаутимæ баст фыдракæндты ныхмæ пъæлицæйы кусджытæ афæдзы дæргъы куыд архайдтой, ууыл.

Раныхасы фæдыл фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд депутаттæ Джиоты Георгимæ, **Андрей Поповмæ,** Остъаты Георгимæ, **Хæдарцаты Аслæнбегмæ.**

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты закъонад, закъонæвæрынад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар Черчесты Аслан. Йæ раныхасы уый йе 'ргом аздæхта æнахъомтимæ баст фыдракæндтæ фæкъаддæр кæныны мадзæлттæм, адæмы телефонтæй чи сайы, ахæм цæстфæлдахджытæй сæ бахъахъхъæныны хъуыддагмæ æмæ æндæр фарстатæм. Стæй загъта, министрады кæй хъæуы бакусын, адæмы æууæнк пъæлицæйыл цæмæй фæфылдæр уа, ууыл.

Депутаттæ ма байхъуыстой республикæйы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады хъусынгæнинагмæ. Раныхасгæнæг министр **Бетанты Марат** радзырдта, адæмы царды уавæртæ фæхуыздæр кæныны тыххæй министрад цалдæр программæйы кæй æххæст кæны. Стæй бæлвырдæй æрдзырдта, сæ сæххæст кæныны хъуыддаг къухы куыд æфты, ууыл. «2016 азæй нырмæ арæзт æрцыд цæрæн фæзуæтты 2,7 милуан квадратон метры, уыдонæй 300 мин квадратон метры – Дзæуджыхъæуы», – загъта министр. Йæ ныхасмæ гæсгæ, фылдæр æргом здæхт цæуы адæмы хицæн къордты цардьы уавæртæ фæхуыздæр кæнынмæ. Уыдонмæ хаст цæуынц: Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæ, инвалидтæ æмæ хæстон цауты ветерантæ, сидзæр æмæ æвæгæсæгæй баззайæг сывæллæттæ, æрыгон бинонтæ, æрыгон специалисттæ æмæ афтæ дарддæр.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ арæзтадон политикæйы фарстаты фæдыл комитеты сæрдар Остъаты Георги. Фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд Парламенты Сæрдары хæдивæг **Дойаты Светланæмæ,** депутаттæ **Уыртаты Аланмæ, Цæллагты Жаннæмæ,** Джиоты Георгимæ, **Дыдарты Сосланмæ.**

Фарстайы ахсджиагдзинад бафиппайдта Тускъаты Таймураз дæр. «Цæрæнуæттæ арæзт цæуы бирæ, фæлæ сæ балхæнын бирæтæн сæ бон нæу. Æргъты рæзтмæ хъæуы цæст дарын. Зын у уый, фæлæ æнцонæй къухы ницы 'фты. Цавæрфæнды фарстайæн дæр ис алыг кæнæн, бæстон хъуыддагæй йæм куы бавналай, уæд», – бафиппайдта Парламенты Сæрдар.



**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Æмбырд

# Инвалидтыл узæлд

**Æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ адæймæгтæ удæнцой уагæй кæдæм бацæудзысты, Цæгат Ирыстоны ис 350 ахæм объекты бæрц.**

**Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды Юрий Чайка кæй амыдта, уыцы æмбырды архайджытæ æрныхас кодтой, æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ адæймæгтæ спортивон секциты нырæй парахатдæрæй цæмæй архайой, уымæн саразинаг мадзæлттыл.**

**Цæгат Ирыстоны ацы къабазы архайæг 1375 адæймагæй 790 адæймаджы сты æстдæс азæй кæстæртæ. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ се ’ргом спортмæ кæй здахынц, уымæн ис стыр ахадындзинад. Фарон адонæй æртындæс адæймаджы нæ республикæйы кад хъахъхъæдтой инвалидтæ æмæ æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ адæймæгты ‘хсæн æппæтуæрæсеон æмæ регионты иумæйаг спортивон ерысты æмæ дзы цалдæр хæрзиуæджы рамбылдтой.**

**Æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ адæймæгтæ спортивон секциты дарддæр дæр цæмæй архайой, уымæн ахъаз кæндзыстæм.**

**Нæ уацхæссæг**



Культурæ

# «Фæндыр» – социалон куыстуат

**Æртын цыппар азмæ цал музыкалон инструменты сарæзтой ацы куыстуаты мастертæ, уый зын зæгъæн у. 1991 азы УЗЕГАТЫ Тамерлан æй куы сарæзта, уæдæй дзы бирæ ивддзинæдтæ ‘рцыд, зынгæ фæфылдæр сты рауагъд фæндырты хуызтæ. Æнæивгæ баззад сæ ахаст, цы фæрнджын хъуыддагыл хæст сты, чи дзы фæллой кæны, уыдон.**



Алыхуызон фæндыртæ дзы æрæджы райдыдтой кæнын, ныридæгæн куыстуаты ис авд мастеры. Исынц ног адæймæгты дæр, сæрмагонд ахуырад кæмæ нæй, фæлæ ацы куыстмæ йæ зæрдæ кæмæн райы, ахæмты. Фæстæдæр уыцы тырнындзинад, экономикæйы æвзагыл дзургæйæ, хæрдзтæ бамбæрздзæн. Бынаты йæ сæхæдæг сахуыр кæндзысты. Ныридæгæн дзы чи кусы, уыдон сæхæдæг дæр афтæмæй базыдтой куысты сусæгдзинæдтæ.

Æппæт инструменттæ дæр къухæй кæнынц, уый та уæлдай ахсджиаг у инструменттæ аразгæйæ. Зыны сæ хæрзхъæддзинадыл, хорз сын кæй у, уый та зыны заказгæнджыты нымæцыл: чи сæм цæуы, уыдонæй нæ ‘ххæссынц. Бæрнон у сæ архайд, мастер дзуапп дæтты æппæтыл, æрмæг æвзарынæй райдай, æмæ, кæй сарæзта, уыцы инструменты хъæлæсы зæлдæй фæу. Бирæ рæстæг ыл бахардз вæййы, бирæ аразгæ у æрмæгæн йæхицæй дæр. Æмæ ма иу хъуыддаджы тыххæй æнæзæгъгæ нæй: йæ фæндыр кæмæн фехæлы, уый йæ ‘рбахæссы ардæм. Зонынц, кæй йæм базилдзысты, куы бахъæуа, уæд ын йæ хæйттæ дæр кæй сног кæндзысты.

Æртæ азы размæ «Фæндыр» нымад æрцыд социалон куыстуатыл. Алы мастер дæр дзы хъахъхъæны æмæ парахат кæны ирон культурæ. Арæх архайынц уæрæсейаг равдыстытæ æмæ конкурсты, республикæйы æххуысæй сæ зæрды дарддæр дæр ис рæзты къахыл лæууын.

**Нæ уацхæссæг**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

80 УÆЛАХИЗ

# Сæ хъысмæт бæллиццаг нæ рауад

**Алкæмæн йæ цард йæхи фæндиаг нæ рауайы, кæмдæр сæхæдæг бавзарынц зындзинæдтæ, кæмдæр та – сæ кæстæртæ. Кцойты Ахмæт æмæ йæ бинойнаг Дзыгайы Кæрдзыны хъæуы зыдтой ирон æгъдауыл хæст адæмæй.**

Цы сыхбæсты цардысты, уым сын уыд кад æмæ рад, сæхæдæг алы хъуыддагмæ дæр уыдысты къæрцхъус. Хуымæтæджы бæрæгбон не скодтаиккой, зыдтой сын сæ ахадындзинад. Ахмæт уыд тынг хъæлдзæг адæймаг, чындзхасты, куывдыиу куы скафыд, уæд-иу ыл адæм сæ цæст æрæвæрдтой. Йе уæнгты айстæй бæрæг дардта, кæстæртæ йæм кæсынæй не ‘фсæстысты.

Цы уынджы цардысты, уый дæр йæ сыгъдæгдзинадæй бæрæг дардта, ноджы ма дзы уыдис цъай дæр. Цæрджытæ йæм æппынæдзух цыдысты. Цъайы цур – кæддæриддæр æфснайд, уыд дзы ведра, уый руаджы цъайæ истой дон. Цин æмæ зианы дæр Ахмæт уыд дзуапдæттæг, цы бæрнон хæсы бацыдаид, уымæн æнæ скæнгæ нæ уыд. Дзыга дæр уыд сæрæн, рæвдз, æгъдау амыдта кæстæртæн.

Бинонтæн рантыст æртæ фырты æмæ иу чызг. Гагуыдз, Быдот, Толик æмæ Милинкæ ахуырмæ уыдысты рæвдз. Гагуыдз скъолайы фæстæ бацыд Грознайы хæстон училищæмæ, фæцис æй сырх дипломимæ. Училищæйы йæ бауæрдтой ахуыргæнæгæй. Йæ афон куы ‘рцыд, уæд бакодта бинонты хъуыддаг, ракуырдта Бæдоаты Азæйы. Сæ чындзæхсæвы Ахмæт æмæ Дзыга ахæм кафт скодтой, æмæ сыл хъæубæстæ сæ цæст æрæвæрдтой.

Бæргæ бæллыдысты амондмæ æрыгæттæ, фæлæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст æмæ сæ фæхицæн кодта. Хъавыдысты ма Грознайæ сæ фæллад суадзынмæ ссæуын, фæлæ уыдæттæн рæстæг нал уыд. Гагуыдз ма федта йæхиуæтты, загъта сын, Быдоты мемæ кæнын, зæгъгæ. Хæст йæ тæмæны бацыд, æрыгон лейтенантæн йæ бар бакодтой взвод. Йе ‘фсымæр – йæ фарсмæ, афтæмæй размæ бырстой, фæлæ иу тохы Быдот уæззау цæф фæцис. Фæхæццæ йæ кодтой хæстон госпитæлмæ, Гагуыдз æй агуырдта, фæлæ йыл, госпитæлмæ хæстæг, сæмбæлд рæмудзæны схъис, афтæмæй фæмард.

Быдот ма цæнкуылтæй сыздæхт йæ фыды уæзæгмæ, æхсæнадон куыст кодта. Хъæуы астæу скъахтой æфсымæрон ингæн, уырдæм хъæуккæгтæ, сæ разæй – Нæкуысаты Мустанбег, афтæмæй къуылдымтæй ластой мæрдты. Быдот та сæ æвæрдта ингæны. Балæггад кæнынмæ рæвдз уыд Кцойты лæппу, раст – йæ фыды æнгæс. Иуафон клубы сæвæрдтой пьесæ, йæ роль хъазгæйæ, Быдотæн æваст йæ сæр срыст æмæ сурау фæцис.

Уыйадыл йæхиуыл нал схæцыд Быдот. Афтæ фæцудын кодта йæ мæлæтæй Кцойты хæдзар, сæ цардæй кæрæдзи фæдыл ахицæн сты Ахмæт æмæ Дзыга дæр. Сæ фырттæй Толик дæр райста уæлдæр ахуырад, фæлæ йæ цард рауад цыбыр. Ахмæты хæдзар куынæг кæнын райдыдта бинонтæй, Гагуыдзы лæппу Барис айрæзт, сахуыр кодта, Елхоты консервгæнæн заводы директорæй кусын райдыдта. Йæ цард баиу кодта Мырыкаты Зæирæимæ.

Бавнæлдтой æрыгæттæ сæ цард аразынмæ, фæлæ цы загъдæуа хъысмæтæн, Барис дæр ацыд йæ цардæй. Йæ фæстæ та – Милинкæ. Фæлæ Зæирæ Кцойты хæдзар цудын нæ бауагъта, схъомыл кодта фæзминаг лæппу – Роберты. Мырыкаты Зæирæ Кцойтæн разынд арфæйаг чындз, нæ фæцудыдта, йæ лæппуйæн у ныфсы хос. О, хæдзарвæндаджы кæстæртæн сæ цард сæхи фæндиаг нæ рауад, фæлæ хъысмæты ныхмæ не ‘рлæудзынæ...

**БОГАЗТЫ Арсæмæг,**
**Кæрдзыны хъæуы хистæр**

Хъысмæты фæзилæнтæ

# Цард кæмæй фидыдта

**Дзæнæты бадинаг фыдæлтæ хорз зыдтой бинонты фарн, нæ царды фидæн сылгоймаг – цардæттæгæй аразгæ кæй у, æмæ сылгоймаджы фарныл фарн æфтыдтой, йæ кадæн ын дзуарау табу кодтой. Цард кæй фарнæй фидауы, нæлгоймаджы арфæйаг хъуыддæгтæм чи разæнгард кæны, ахæм куырыхон хæрзæгъдау, намысджын, хъæппæрисджын, фæзминаг сылгоймæгтæ Иры зæххыл рагзамантæй абонмæ бирæ ис.**

Мад-хъæйтары ном чи хаста, уыцы хурвидыц сылгоймаг Саккаты-Хъодзасты Пъланы чызг Заркæйы цытджын ном мысæм йæ мæлæты фæстæ. Заркæ йæ рухс дунейæ ахицæн. Йæ фæрнæйдзаг цардвæндаг йæ хъæбултæ, йæ хиуæттæ, бирæ зонгæтæн ссис мысинаг... Йæ фæлмæн цæстæнгас, йæ рæстаг зондахаст æмæ сыгъдæг уд, зæрдæйы конд рухс мысинагæн баззадысты. Заркæ уыд æрфыгау ирд, арвау – хурæргом, суадоны донау сыгъдæг, Бонвæрнон стъалыйау æрттивгæ уды хицау, ныййарæг-мад, арæхстджын хуыйæг, къухарæхст судзин æмæ æндахæй. Нæлгоймаджы уæлæдарæс, нымæтæй суанг дзабырмæ, сылгоймаджы алы уæздан дзаума хуыйæг æмæ кæрдæг, арæзта цыллæйæ хуыссæнæмбæрзæнтæ, къулыл ауыгъд нывæфтыдтæ. Йæ цæхх æмæ кæрдзын рæдауæй лæвæрд та уыд æрдхæрæн. Хыссæ цас фезмæста, цал бæлццон æмæ уазæгæн балæггад кодта, уыдонæн бирæ у сæ нымæц. Йæ мæрдтæмвæндагæн æвдисæн уыдысты Ирыстоны кæмттæй, горæттæй, хъæутæй æрцæуæг мæрддзыгойæ. Уæлæуон рухс царды Хуыцау адæймагæн уæлæмхасæн дыууæ царды æмгъуыд куы раттид, уæддæр ныййарæджы лæггад нæй бафидæн. Уымæн æмæ мад у иунæг, Райгуырæн бæстæйау сæ иуæн дæр нæй раивæн æндæрæй.

Хъодзасты Саукуыдзы хистæр фырт Пълан, Иры зæхх йæ хæрзтæ рæдауæй кæмæн радта, уый бирæ исбонмæ нæ бæллыд, фæлæ æрмæстдæр бинонты амондмæ. Æмæ Хуыцауы арфæйæ арфæйаг фесты, Гæтциты Сурæтимæ сæ иумæйаг цард куы бабастой, уæд. Цард æмæ амонддæттæг бардуæгтæ дыууæ цардбæллон æмкъайы фарны базыртыл систой, æмæ сæм цоты бардуаг мады зæд амонды фидиуæг фæци, æмæ Хъодзасты къонайæн балæвар кодта дæс лæппуйы æмæ æртæ чызджы. Сывæллæтты хъазын æмæ худынмæ арвыл хур йæ зæрин тынтæй сабиты рæвдыдта, мæй æмæ стъалытæ дæр цины цæхæр калдтой. Пълан æмæ Сурæты цины æнкъарæнтæ сæ хъæбулты цинæй арвы тыгъдады ленчытæ кодтой.



Дыууадæсæм сывæллон, æртыккаг чызг Заркæйы райгуырд ныййарджытæн уыд цардамонды хорзæх. Дзыккакъах чызджы фæстæ царды рухс федта дæсæм лæппу Агуыбе. Цард хæхбæсты уæззау уыд, фæлæ Пълан æмæ Сурæт сæ зæнæгæн лæвæрдтой ахуырмæ фæндаг. Стыр-Дыгуры скъолайы Хъодзасты скъоладзаутæ уыдысты цæвиттойнаг се ’гъдау æмæ ахуырæй. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæ, цард, афæдзы рæсугъд афон уалдзæгау, дидинæг калдта. Цардбæллон зæрдæтæ циндзинадмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, бонæй-бон хуыздæрмæ бæлгæйæ, æнæнхъæлæджы сæхи скъуырдтой фыдбоны æвирхъаудзинадыл. Амонд æмæ æнамонд фæрсæй-фæрстæм цæуынц. Арв æмæ зæххы ’хсæн фашизмы фыдæх емынæйау анхъæвзта. Райгуырæн бæстæ нæмгуыты, бомбæты цæхæр æмæ фæздæджы хуыдуг кодта. Судзгæ зæхх кæфхъуындарау æхсадта цыфыддæр знаг. Тыхы дон хæрдмæ ласы. Фашистон тугмондаг æрдонгтæн ныхкъуырд раттын хъуыд, æмæ фæсте нæ лæууыдысты Ирыстоны саггсур фæсивæд, семæ – Заркæйы фондз æфсымæры. Пъланы хурæнгас цыппар фыртыл тохы быдыры æнустæм бамынæг сæ цардуалдзæг.

Ирыстоны фарн, мыггаджы намыс, комбæсты фæтк, къонайы артдзæсты кад, сæ миддунейы æрдзон хуызы кæмæн бацыдысты, уыцы арфæйаг адæймæгтæй уыдысты дыууæ цардæмбалы, Дыгургомы, Хъалнæгъты хъæуккаг Саккаты Дотти æмæ Стыр-Дыгурæй Хъодзасты Заркæ.

Саккаты Дотти Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæ лæппуйы карæй лæджы кармæ бахызт, афтæмæй мыггагæн, Фыдыбæстæйæн хурæй фидиуæг уыд, зæххæй – фæдисон. Дзыллæйы амонд нымадта йæхи амондыл. Ног социалистон цардарæзт йæ зæрдæмæ арф райста æмæ йын йæ фæдзæхст æмæ намысæн цырагъдарæй лæууыд. Афтæ уыд йæ уды фарны домæн, æмæ фæдисы цæуын куы бахъуыд, фыдызæхх æххуыс куы агуырдта йæ хъæбултæй, уæд Дотти Сырх æфсады службæ кад æмæ фарнимæ ахицæн кодта, фæлæ уыцы бон... Дуне рафæлдæхт. Фæдисы уац Советон бæстæйы иу кæронæй иннæмæ ахæццæ, судзгæ, араугæ. 1418 – хæсты фыдохы бонтæ 53-æм дивизийы хæцгæйæ, Дотти йæ автоматчикты ротæимæ ныгуылæнырдæм пырхгæнгæ цыдис фашистон æрдонгты. Уæлахизы хур сыл скастис фашизмы лæгæт Берлины. Дотти хорзæхджын æрцыд йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй Сырх Стъалы, Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг къæпхæныордентæ æмæ бирæ майдантæй. Хæсты фæстæ Саккайы-фырт куыста Мæхческы районы финансты хайады. Стыр-Дыгуры скъолайы нымæрдар æмæ фæскомцæдисонты раздзогæй та куыста, йæ дзыккутæ дыууæ быды йæ зæвæттыл кæмæн æндзæвыдысты, арвайдæнау тæмæнкалгæ чызг Хъодзасты Заркæ. Дотти йæ комбæстаг чызджы æгъдау, уæздандзинад æнæбафиппайгæ нæ фæци. Лæппу æмæ чызг уарзондзинады хызы стыхстысты. Фыццаг фембæлд, фыццаг уарзт, уыдон зæрдæйæн Бонвæрнон стъалыйау сты. Дыууæ амондагурæгæн сæ уарзты дидинæг æххæстæй райхæлд, уарзæгой зæрдæтæ кæрæдзимæ сыгъзæрин дæгъæлтæ ссардтой. Æвидигæ уарзты суадæттæ æхсæрдзæнтæй фурды уылæнтау абухтой. Зæххыл Хуыцауы арфæйæ хъомысджындæр нæй, амонд æмæ фарн дæр Хуыцауы размæ сты. Дунескæнæг æмæ йе сконд зæдтæ сæ хорзæх раттой Дотти æмæ Заркæйæн. Заркæ Саккаты къонамæ фарны къах куы бавæрдта, уæд дыууæ цардæмбалы цардамонды æртæ бæлоны Таймазы хохæй ратахтысты, Уæхъæцы хъæуы сæрмæ æртæ зылды æркодтой æмæ Саккаты уæлхæдзары тигъыл æрбадтысты. Бæлон у царды фидауцы фидиуæг. Хистæртæ йæ цардамонды гаджидауæй фæнысан кодтой, æмæ комбæсты циндзинады зæлтæ айзæлыдысты.

Амондджын вæййынц ныййарджытæ, царды аккаг фæдонтæ кæмæн сæнтысы. Уæдæ цы арфæйаджы хъуыддаг у, хъæбултæ куы фæбæззой, уæд хур кæсы æмæ ныййарджытæм. Уыцы хуры тавсæй зæрдæйы хъармдзинад банкъардтой уæлæуон царды рухс дзæнæты бадинаг Дотти æмæ Заркæ. Сывæллæтты бардуаг мады зæд ныййарджытæн балæвар кодта æртæ фырты: Фидар, Созыр, Артур æмæ æртæ чызджы: Аллæ, Земфирæ, Валя. Æхсæзæй дæр райстой уæлдæр ахуырад, ссардтой сæ амонд. Басгуыхтысты рæстæджы зиууæттæй, бæстон, бæлвырд нысантæм тырнæг кæстæртæй. Хъыгагæн, мадызæнæг фæкъахыр сты хистæр æфсымæр Фидарæй. Æгъатыр мæлæт æнæнхъæлæджы æрбалæууыд Саккаты дуармæ. Адзалæн мадзал нæй. Фидары хъæбултæ Эдуард, Алан, Светæ сæ мад Ларисæимæ Дотти æмæ Зарæйы байзæддагимæ мыггаджы фарн, хæдзарвæндаджы кад æмæ намыс зæронды кармæ фæрнæй фæхæссæнт. Ацы номарæн уацхъуыд чи бакæса, уыдонмæ фарн бадзурæд æмæ цины хъуыддæгтæ кæнæд æмæ хъусæд!

**ГУЫЛÆРТЫ Барис,**
**æхсæнадон уацхæссæг**

Цæстæнгас

# Уалдзыгон сагъæс

**Уалдзæг ралæууыд. Фæлæ йæ бирæтæн сæ цæстытыл куы баныхасай, уæддæр æй нæ уынынц, сæ хъусты сын гукк куы ныккæнай, уæддæр сæм нæ хъуысы.**

Æрцыдис та зæхкусæджы сагъæсгæнæн, катæйттæгæнæн рæстæг. Сæумæцъыккæй, сæумæцъингуырæй та кæрæдзимæ хъæр кæнынц мæ æмарæн сыхæгтæ Абайты Будзи æмæ Елбачиты Тамерлан, Абайты Алан æмæ Сталбег æмæ кæрæдзита – бæхы рохтыл. Æз нæ хъуыды кæнын, æмæ искуы нæ цæхæрадон æнæ куыстæй ныууагътам.

Цыдæртæ базыдтон, фæлæ уæддæр мæ уарзон сыхæгты дæр цæмæйдæрты бафæрсын. Фæрсын хорз у, фæрсæг рæдигæ нæ кæны. Тынг-



йæн уалдзæджы арфæтæ кæнынц. Уыдон се ’ппæт дæр сты, зæххæй æфсæрмы чи кæны æмæ йæ цæхæрадон æнæ куыстæй чи никуы ныууагъта, ахæм адæм.

Будзи уалдзæгыл афтæ фæцин кæны, æмæ ма цъиуты зæлланггæнаг хъæлæстæ дæр йе ’хситтæй бафæзмы. Æз дæр зноны лæппу нал дæн, мæ зæронды кармæ бацыдтæн æмæ зæххы куысты цыдæртæ базыдтон. Мæ фыдыфыд Бола мын фыццаг йæхи арæзт чысыл рувæн ныссагъта мæ къухты æмæ та – цæхæрадонмæ. Хуым-иу æй куы кодтам, уæд-иу бæхы рохтыл фыццаг æз хæцыдтæн, стæйиу мæ фыдимæ кæрæдзи баивтам æмæ-иу гутоны къухтыл æрхæцыдтæн, уый дæр Будзийы фæфæрсын, уымæн æмæ цыфæнды фæлтæрдджын агрономæй дæр хуыздæр зоны зæххы куыст, алцыдæр йæхæдæг бавзæрста. Чи зоны, мады гуыбынæй дæр исты хорздзинæдтæ рахæссынц, туг хæссы, зæгъгæ, фæзæгъынц. Будзи æмæ Сталбеджы фыд Хуысинæ дæр хорз зæхкусæг лæг уыд, уæдæ Аланы фыд Таймураз дæр – афтæ. Уыдон сын сæ туджы бауагътой зæхмæ уарзондзинад.

Фæлтæр фæлтæры ивы, æмæ мæн мары иу хъуыддаг, нæ фæстæ кæстæртæ зæхмæ куы нæ тасой, зæххы куыст куы нæ уарзой, уæд сæм цавæр фидæн æнхъæлмæ кæсы? Хистæртæн цалынмæ сæ бон у, уæдмæ сæ белтæ, сæ рувæнтæ, сæ халамæрзæнтæ, сæ сагæйттæ не згæ кæндзысты, фæлæ сæ куы æрæвæрой, уæд куыд уыдзæн?!

Куы акæсай, уæд адæмæн сæ армытъæпæны йас зæххытæ дæр бæхгæрдæг æмæ пысыра систы, схæмпæл сты. Змæлæг сæ нæй æмæ сæ тæхсалтæ, мыстулджытæ, сæлавыртæ æрбынат кодтой æмæ адæмы хæдзарон мæргътыл тугуарæн кæнынц – цæгъдынц сæ. Хистæртæн сæ бон ницыуал у, кæстæртæ та хуыскъастæутау зæхмæ нæ гуыбыр кæнынц. Фæлæ дын тилифонмæ гæсгæ зонд амондзысты, уый афтæ бакусын хъæуы, уый та – афтæ, сæ къух та уазал доны нæ тулынц, дæлгоммæ къус уæлгоммæ сфæлдахын зивæг кæнынц. Цы, дам, нæ хъæуа, уый, дам, базары балхæндзыстæм. Омæ, гормæттæ, базарты цы дыргътæ, халсартæ, хъацæн кæрдæджытæ ис, уыдоныл дæр чидæртæ тухæн кодтой, æндæр сæхи æгъдауæй не ’рзадысты.

Æмæ сымах хуызæн куы хъуыды кæной уыдон дæр, уæд уыцы базартæ гаффутты хуызæн куы уыдзысты, æмæ ма уæд та цы хæрдзыстут?

Уалдзæг ралæууыд. Нырмæ мын мæ фæллад æхсызгондзинад лæвæрдта, фæлæ мыл æртæфсти æмæ мæхи арæзт чысыл ныллæг бандоныл æрбадтæн æмæ æрхæндæг хъуыдыты æрнығъуылдтæн.

Зæронд гал ауæдз нæ халы, фæлæ уый дæр иу хатт йæ уæрджытыл æрхауы æмæ йæ гайлæгтæм акæсы. Гайлаг та родæй бæрæг у...

Уалдзæг ралæууыд...

Хъæбулы хъæбул Сосланы мæм цингæнгæ æрбазгъордта. Æз сыстадтæн æмæ йæ бандоныл æрбадын кодтон, æмæ та мæ бел мæ къухтæм райстон. Уый мæм иудзæвгар фæкаст, стæй мын афтæ: «Баба, сбад, æри-ма дæ бел, ныр та æз акусон». Афтæмæй йыл фондз азы дæр нæма цæуы...

**АБАЙТЫ Эдуард**

## 31 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
10.55 АнтиФейк 16+
11.25, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.35 30 лет вместе. Игры, в которые играют люди 12+
21.00 Время
22.00 Т/с «Любовь Советского Союза» 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00 30 лет вместе. Магия кино 12+
01.25, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.00, 03.30 Т/с «Зацепка» 12+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Дама с собачкой. Новые серии» 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45, 08.25, 10.35 Т/с «Морские дьяволы. Особое задание» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Оперативная память» 16+
22.15, 00.00 Т/с «Пять минут тишины. Море и горы» 12+
00.50 Т/с «Чужой район» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.05, 06.35, 07.20, 09.30, 10.20, 11.15, 12.05, 13.30, 14.20, 15.15, 16.05, 17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.40, 21.25 Т/с «След» 16+
08.05 Фирменный рецепт с Емельяненко 12+
08.40 Знание-сила 0+
22.20, 00.30 Т/с «Свои-6» 16+
23.05, 01.15 Т/с «Свои-3» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
02.00, 02.45, 03.20, 04.00 Т/с «Свои-2» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных. Лоро Парк. Тенерифе 16+
07.15 Театральная летопись 16+
07.40 Черные дыры. Белые пятна 16+
08.20 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
08.50, 01.20 Х/ф «Юркины рассветы» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 00.40 XX Век. «Неужели в самом деле... Корней Чуковский» 16+
12.00, 02.30 Д/ф «Красноярск. Усадьба Веры Гадаловой» 16+
12.45 Новости. Подробно. Арт 16+
13.00 Линия жизни 16+
13.55 Х/ф «Двадцать дней без войны» 0+
15.35 Д/ф «Первые в мире». «Телеграф Якоби» 16+
15.55 Агора. Ток-шоу с Михаилом Швыдким 16+
17.15 Рахманиновские дни 16+
18.10 Д/ф «Беларусь. Несвижский замок» 16+
18.40 Рассказы из русской истории 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Д/ф «Хранители жизни. Николай Богораз» 16+
21.30 Сати. Нескучная классика... 16+
22.10 Т/с «Цитадель» 12+
23.05 Д/ф «Фотосферы». «Павел Кривцов. Портрет» 16+
23.50 Д/ф «В поисках истины» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.55 Непобедимый 12+
06.30 Все о главном 12+
07.00, 10.05, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 22.00 Все на Матч! 12+
10.10 Лица страны. Заурбек Пагаев 12+
10.30, 02.00 Футбол на все времена 12+
11.35, 23.00 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
12.35 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25, 01.30 География спорта 12+
15.30 Громко. Прямой эфир
16.55 Д/ф «Арсен Венгер. Непобедимый» 12+
19.00 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. СКА (Санкт-Петербург)-«Динамо» (Москва). Прямая трансляция
00.00 Смешанные единоборства. UFC. Брэндон Морено против Стива Эрцега. Трансляция из Мексики 16+
03.00 Д/ф «Игорь Численко. Удар форварда» 12+
03.55 Новости 0+
04.00 Бадминтон. Всероссийские соревнования «Крылатый Зилант». Трансляция из Казани 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Смех, дрожь и видео 16+
08.45 Х/ф «Ланцет» 12+
10.55 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50 Х/ф «Провинциальный детектив. Убийство с привкусом любви» 16+
13.45, 04.55 Мой герой. Вячеслав Чепурченко 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05, 02.50 Т/с «Дела житейские» 16+
17.00 Актерские драмы 16+
18.15 Х/ф «Участок № 13» 16+
22.35 «Нюансы дипломатии». Специальный репортаж 16+
23.05 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час
00.30 Петровка, 38 16+
00.45 Тайная комната. Крысиные тропы фашистов 16+
01.25 Д/ф «Обиды звездных дочек» 16+
02.05 Прощание. Георгий Юнгвальд-Хилькевич 16+
04.15 Д/ф «Нина Сазонова. Основной инстинкт» 16+
05.30 Х/ф «Свой среди чужих, чужой среди своих» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.35 По делам несовершеннолетних 16+
07.25, 04.45 Давай разведемся! 16+
08.25, 02.30 Тест на отцовство 16+
10.40, 23.05 Д/с «Понять. Простить» 16+
11.45, 00.15 Д/с «Порча» 16+
12.55, 01.10 Д/с «Знахарка» 16+
13.30, 01.35 Д/с «Верну любимого» 16+
14.05, 02.05 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.40 Х/ф «Он мне изменяет» 16+
19.00 Х/ф «Сердце степей» 16+
04.10 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.20, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 02.05 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Совершенно секретно» 16+
22.00 Знаете ли вы, что? 16+
23.30 Х/ф «Тройная угроза» 18+

### СТС
06.00, 04.50 М/ф «Три кота» 0+
07.45 М/ф «Гоу, Феликс» 6+
09.35 Х/ф «Минимакс» 12+
11.20 Х/ф «Волшебное зеркало или двойные неприятности» 6+
13.20 Х/ф «Приключения Аладдина» 16+
15.10 Х/ф «Игры с огнем» 6+
17.10 Х/ф «Шутки в сторону» 16+
19.00, 19.25, 20.00 Т/с «Инспектор Гаврилов» 16+
20.25 Х/ф «Последний богатырь. Корень зла» 12+
22.55 Х/ф «Поехавшая» 16+
01.10 Х/ф «Искусство ограбления» 16+
02.45 Т/с «Сеня-Федя» 16+

### ТНТ
07.00, 06.00 Утро ТНТ 16+
08.00, 03.10, 03.55, 04.35, 05.25 Однажды в России 16+
09.00 Выжить в Самарканде. Игра сезонов 16+
11.30 Титаны 16+
13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00, 19.30 Т/с «Реальные пацаны» 16+
20.00, 20.30 Т/с «СашаТаня» 16+
21.00, 21.20 Х/ф «Афоня» 16+
21.55 Х/ф «Астерикс на Олимпийских Играх» 12+
00.15 Х/ф «Беляковы в отпуске» 16+
02.00 Х/ф «Битва пап» 12+

## 1 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
10.55 АнтиФейк 16+
11.25, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.30 30 лет вместе. Магия кино 12+
21.00 Время
22.00 Т/с «Любовь Советского Союза» 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00 30 лет вместе. История специальных проектов 12+
01.25, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.00, 03.30 Т/с «Зацепка» 12+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Дама с собачкой. Новые серии» 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45, 08.25, 10.35 Т/с «Морские дьяволы. Особое задание» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Оперативная память» 16+
22.15, 00.00 Т/с «Пять минут тишины. Море и горы» 12+
00.50 Т/с «Чужой район» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.00, 06.35, 07.15, 09.30, 10.25, 11.15, 12.05, 13.30, 14.20, 15.15, 16.05, 17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.35, 21.25 Т/с «След» 16+
08.05 Страна советов 16+
08.40 Знание-сила 0+
22.20, 00.30 Т/с «Свои-6» 16+
23.05 Т/с «Свои-4» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
01.20 Т/с «Свои-3» 16+
02.05, 02.45, 03.25, 04.05 Т/с «Свои-2» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных. Лоро Парк. Тенерифе 16+
07.15 Театральная летопись 16+
07.45, 18.40, 23.50 Д/ф «В поисках истины» 16+
08.35 Д/ф «Первые в мире». «Синтезатор Мурзина» 16+
08.55, 01.50 Х/ф «Юркины рассветы» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 00.40 Х/ф «Особый подход» 16+
12.45 Новости. Подробно. Книги 16+
13.00 Д/ф «Запечатленное время». «Якутские алмазы» 16+
13.30 Д/ф «Хранители жизни. Николай Богораз» 16+
14.15, 22.10 Т/с «Цитадель» 12+
15.10 Д/ф «Фотосферы». «Павел Кривцов. Портрет» 16+
15.35 Сати. Нескучная классика... 16+
16.30 Д/ф «Коллекция». «Театр «Карло Кола и сыновья» (Италия)» 16+
17.15 Рахманиновские дни 16+
18.10 Д/ф «Дворянские деньги» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Искусственный отбор 16+
21.30 Белая студия 16+
23.05 Д/ф «Фотосферы». «Андрей Бронников. Пейзаж» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Непобедимый 12+
06.30 Наши иностранцы 12+
07.00, 10.05, 15.25 Новости
07.05, 15.30, 21.30, 00.30 Все на Матч! 12+
10.10 Специальный репортаж 12+
10.30, 12.50 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Спринт. Прямая трансляция из Кировска
12.10 Лыжная страна 16+
16.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. «Авангард» (Омск)-«Металлург» (Магнитогорск). Прямая трансляция
18.45 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. «Ак Барс» (Казань)-«Автомобилист» (Екатеринбург). Прямая трансляция
22.00 Футбол. Кубок Испании. 1/2 финала. «Реал» (Мадрид)-«Реал Сосьедад». Прямая трансляция
01.30 Что за спорт? Экстрим 12+
02.00 Футбол на все времена 12+
03.00 Д/ф «Виктор Царев. Капитан великой команды» 12+
03.55 Новости 0+
04.00 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Спринт. Трансляция из Кировска 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Ланцет» 12+
10.55, 05.30 Х/ф «Бриллиантовая рука» 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50 Х/ф «Провинциальный детектив. Убийство с привкусом любви» 16+
13.45, 05.00 Мой герой. Сергей Дроботенко 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05, 02.50 Т/с «Дела житейские» 16+
16.55 Актерские драмы 16+
18.10 Х/ф «Участок № 13. Здравствуй, папа!» 16+
22.35 Закон и порядок 16+
23.05 Д/ф «Сыграем в любовь» 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 90-е. Кремлевские жены 16+
01.30 Прощание. Анастасия Заворотнюк 16+
02.10 Мифы о еде. Макароны 16+
04.20 Д/ф «Нонна Мордюкова. Право на одиночество» 12+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.35 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.45 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.40 Тест на отцовство 16+
10.45, 23.15 Д/с «Понять. Простить» 16+
11.55, 00.25 Д/с «Порча» 16+
13.00, 01.20 Д/с «Знахарка» 16+
13.35, 01.45 Д/с «Верну любимого» 16+
14.10, 02.15 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.45 Х/ф «Он мне изменяет» 16+
19.00 Х/ф «Сердце степей» 16+
04.20 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.40, 04.30 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00, 22.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Документальный спецпроект 16+
17.00, 02.30 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Поступь хаоса» 16+
23.30 Х/ф «Револьвер» 18+

### СТС
06.00, 05.05 М/ф «Три кота» 0+
07.25 М/ф «Кролецып и хомяк тьмы» 6+
09.15 Х/ф «Каникулы в конном лагере» 12+
10.55 Х/ф «Дикое сердце» 12+
13.00 Х/ф «Зов предков» 16+
14.45 Х/ф «1+1. Голливудская история» 16+
17.20, 19.00, 19.30 Т/с «Инспектор Гаврилов» 16+
20.00 Х/ф «Территория зла» 16+
22.20 Х/ф «Остров» 16+
00.20 В темноте 16+
02.15 Т/с «Сеня-Федя» 16+

### ТНТ
07.00, 06.00 Утро ТНТ 16+
08.00, 03.35, 04.20, 05.05, 05.50 Однажды в России 16+
09.00 Музыкальная интуиция 12+
11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30 Т/с «Реальные пацаны» 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «СашаТаня» 16+
21.00, 21.30 Х/ф «Афоня» 16+
22.00 Х/ф «Красавица и чудовище» 12+
00.20 Х/ф «Красная шапочка» 12+
02.05 Х/ф «Эльвира, повелительница тьмы» 18+

## 2 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
10.55 АнтиФейк 16+
11.25, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.30 30 лет вместе. История специальных проектов 12+
21.00 Время
22.00 Т/с «Любовь Советского Союза» 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00 30 лет вместе. Больше, чем спорт 12+
01.30, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.00, 03.30 Т/с «Зацепка» 12+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Дама с собачкой. Новые серии» 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45, 08.25, 10.35 Т/с «Морские дьяволы. Особое задание» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Оперативная память» 16+
22.15, 00.00 Т/с «Пять минут тишины. Море и горы» 12+
00.55 Т/с «Чужой район» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.05, 06.50, 07.35, 09.30, 10.20, 11.15, 12.05, 13.30, 14.20, 15.15, 16.05, 17.30, 18.20, 19.00, 19.50, 20.40, 21.25 Т/с «След» 16+
08.25 НоваЯ 12+
22.20, 00.30 Т/с «Свои-6» 16+
23.05 Т/с «Свои-4» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
01.20 Т/с «Свои-3» 16+
02.05, 02.45, 03.20, 04.00 Т/с «Свои-2» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных. Лоро Парк. Тенерифе 16+
07.15 Театральная летопись 16+
07.45, 18.40, 23.50 Д/ф «В поисках истины» 16+
08.35 Д/ф «Первые в мире». «Трамвай Пироцкого» 16+
08.55, 01.20 Х/ф «Юркины рассветы» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 00.40 XX Век. «Какая интересная личность! Художник Владимир Татлин» 16+
11.50 Х/ф «Морозко». Нет! Не прынцесса! Королевна!» 16+
12.45 Новости. Подробно. Кино 16+
13.00 Д/ф «Запечатленное время». «Подводные тайны Херсонеса» 16+
13.30 Игра в бисер 16+
14.15, 22.10 Т/с «Цитадель» 12+
15.10 Д/ф «Фотосферы». «Андрей Бронников. Пейзаж» 16+
15.35 Белая студия 16+
16.30 Библейский сюжет 16+
17.15 Рахманиновские дни 16+
18.10 Д/ф «Дворянские деньги» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Абсолютный слух 16+
21.30 Власть факта 16+
23.05 Д/ф «Фотосферы». «Дмитрий Зверев. Стрит- фото» 16+
02.25 Д/ф «Таганрог. Дворец Алфераки» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Непобедимый 12+
06.30 География спорта 12+
07.00, 10.05, 15.25 Новости
07.05, 15.30, 21.30, 00.30 Все на Матч! 12+
10.10 Специальный репортаж 12+
10.30 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Гонка преследования. Женщины. Прямая трансляция из Кировска
12.00 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Гонка преследования. Мужчины. Прямая трансляция из Кировска
13.30 Есть тема! Прямой эфир
14.55, 01.30 Вид сверху 12+
16.15 Д/ф «Бобби Робсон. Больше, чем тренер» 12+
18.30 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. СКА (Санкт-Петербург)-«Динамо» (Москва). Прямая трансляция
22.00 Футбол. Кубок Испании. 1/2 финала. «Атлетико»-«Барселона». Прямая трансляция
02.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. «Пари Нижний Новгород»-«Автодор» (Саратов) 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Гонка преследования. Женщины. Трансляция из Кировска 6+
05.00 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Гонка преследования. Мужчины. Трансляция из Кировска 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Ланцет» 12+
10.55, 05.35 Х/ф «Иван Васильевич меняет профессию» 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50 Х/ф «Провинциальный детектив. Игра в ложь» 16+
13.45, 05.00 Мой герой. Анна Большова 12+
14.55 Город новостей 16+
15.05, 02.50 Т/с «Дела житейские» 16+
17.00 Актерские драмы 16+
18.10 Х/ф «Участок № 13. Любовь вопреки» 16+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Хроники московского быта 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Дорогие товарищи. Водочный бунт 16+
01.30 Знак качества 16+
02.10 Хроники московского быта 12+
04.20 Д/ф «Сергей Бондарчук. Триумф и зависть» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.30 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.40 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.40 Тест на отцовство 16+
10.45, 23.15 Д/с «Понять. Простить» 16+
11.55, 00.25 Д/с «Порча» 16+
13.00, 01.20 Д/с «Знахарка» 16+
13.35, 01.45 Д/с «Верну любимого» 16+
14.10, 02.15 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.45 Х/ф «Он мне изменяет» 16+
19.00 Т/с «Женщина без опыта» 16+
04.20 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.50, 04.30 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Документальный спецпроект 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Д/с «Легенды и мифы» 16+
17.00, 02.35 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Невозможное» 16+
22.05 Безумные факты 16+
23.30 Х/ф «Средневековье» 18+

### СТС
06.00, 04.55 М/ф «Три кота» 0+
07.40 М/ф «Невероятные приключения кота» 0+
09.25 Х/ф «Робин гуд и хранители леса» 12+
11.35 Х/ф «Легенда Лонгвуда» 12+
13.40 Х/ф «Заколдованная пещера» 16+
15.45 Х/ф «Притворись моим мужем» 16+
17.55, 19.00, 19.30 Т/с «Инспектор Гаврилов» 16+
20.00 Х/ф «Добро пожаловать в семью» 16+
22.40 Х/ф «Добро пожаловать в семью. Повар из Неаполя» 16+
00.25 Х/ф «Как женить холостяка» 18+
02.05 Т/с «Сеня-Федя» 16+

### ТНТ
